Vil Miami

Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè

# Aplikasyon PWOGRAM ÈD LWAYE NAN KA IJANS (EMERGENCY RENTAL ASSISTANCE, ERA)

**Non Konplè:** ______________________________________________________________________

**Adrès:** ______________________________________________________________________

**Imèl:** ______________________________ **Telefòn:** ______________________________

**Dat Nesans:** ______________________________ **Sèks:** ______________________________

**Lang Prefere ou Pale:** ☐ Anglè ☐Panyòl ☐Kreyòl Ayisyen **Nimewo Sekirite Sosyal:** ______________________

**Etnisite:** ☐Ispanik ☐ Pa Ispanik

**Ras**: ☐ Blan ☐ Nwa/ Ameriken Nwa ☐ Ameriken Endyen/Alaskyen Natif Natal ☐ Moun Zile Pasifik ☐ Azyatik ☐ Lòt: __________

**Estati Aktyèl Travay:** ☐ San Travay ☐ ap Travay ☐Travayè Endepandan

**Aktyèlman èske w nan Lwaye:** ☐ **Wi** ☐ **Non** **Si wi, kijan w lwe kay lan?** ☐ **Peye chak Ane** ☐ **Chak Mwa**
☐ **Lòt:** ________

**Èske gen plan pou ou demenaje nan 3 mwa:** ☐ **Wi** ☐ **Non**

**Èske w gen yon moun k ap ede ou ak fòm sa a:** ☐ **Wi** ☐ **Non**

| Non Moun ki te ede ou konplete demann sa a | Telefòn | Imèl | Relasyon |
|---|---|---|---|
| | | | |

**Èske w se yon Veteran?** ☐ Pa yon Veteran ☐ Militè Aktif ☐Militè Retrete ☐Deja Sèvi

## Sitiyasyon Difisil akoz Covid-19:

**Ki moun nan fanmi a Covid-19 te afekte?** ☐ Mwen menm/Aplikan sèlman ☐Lòt manm Fanmi an

**Èske ou menm, oswa manm fanmi ki konsène a, t ap travay oswa te yon travayè endepandan/te gen biznis?**
☐ **T ap Travay** ☐ **Travay Endepandan**
☐ **Lòt:** ______________________________

**Kijan ou menm, epi/oswa lòt moun ki gen non yo nan kontra kay lan, COVID-19 lan te afekte yo sou plan finans?**
☐ Diminisyon nan Revi Kay lan ☐Depans yo Ogmante
☐Lòt:______________________________

**Chwazi omwen youn nan faktè ris ki genyen nan kay ki aplike nan sitiyasyon kay ou an.**

☐ Mwen te resevwa yon avètisman pou mete m deyò

☐ Mwen resevwa yon avi ki fè konnen mwen pa peye nan men mèt kay la ijyenik
(Ki genyen yon avi twa (3) jou)

☐ Lajan mwen peye pou kay la twòp

☐ Mèt kay la ap fè asèlman sou mwen epi/oswa li ap fè m menas nan pawòl li pou l mete m deyò

☐ Mwen gen rès kòb kay ak sèvis piblik mwen poko peye.

☐ Mwen ap viv nan kondisyon lavi ensekirite ak/oswa ki pa

☐ Mwen paka peye pou bagay ki esansyèl tankou manje, medikaman, swen timoun, transpò, elatriye nan objektif pou mwen ka peye lwaye

☐ Mwen te gen pou mwen fè prè lajan pou mwen te ka peye sèvis piblik ak lwaye an gras ak kredi

☐ Mwen te oswa mwen ekspoze ak vyolans entim, asèlman oswa agresyon seksyèl

☐ Mwen gen yon kontra enfòmèl ak mèt kay la mwen pa fin kwè ki anba lalwa

☐ Anyen nan sa ki site pi wo yo.

☐Lòt: ______________________________

**Ki mwa ki te premye mwa fanmi ou te frape akòz maladi COVID-19 la?** ______________________________

**Konbyen mwa kay ou dwe?** ______________________________

**Èske ou bezwen yo ede w peye kòb lwaye kay pou mwa k ap vini yo?** · Wi ☐ Non

## Moun ki ap viv nan kay la:

Èske gen moun an plis k ap viv nan kay la? ☐ Wi ☐ Non

| Non Manm nan: | Relasyon w ak manm lan | Dat Li Fèt | Laj li | Sèks li | Andikape (Wi/Non) |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

## Revni:

**Èske gen youn nan moun k ap viv nan kay la ki gen yon revni? · Wi ☐ Non**

**Èske taks ane 2020 yo te depoze? ☐ Wi ☐ Non Si wi, ki kantite kòb ki fèt chak ane san yo pa wete okenn taks ladan li? _____**

| Non Manm nan: | Sous Revni | Kantite lajan: | Frekans |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

**Èske fanmi ou gen byen ki vo plis pase $5,000?** ☐ Wi ☐ Non

Kalite Byen:

☐ Kont Kouran/Epay

☐ Fidisi Revokab

☐ Retrèt/Pansyon/401k

☐ Aksyon/Obligasyon/Fon Komen

☐ Pwopriyete Lokasyon/ Envestisman an Kapital

☐ Kontra Asirans-Vi (Valè Kach SÈLMAN)

| Kalite Byen | Èske byen sa a se yon byen ki pèmèt ou touche enterè sou li? | To Enterè | Balans nan moman an |
|---|---|---|---|
| | ☐ Wi ☐ Non | | |
| | ☐ Wi ☐ Non | | |
| | ☐ Wi ☐ Non | | |
| | ☐ Wi ☐ Non | | |
| | ☐ Wi ☐ Non | | |
| | ☐ Wi ☐ Non | | |
| | ☐ Wi ☐ Non | | |

## Kontra lwaye:

Tanpri bay enfòmasyon sa yo sou kontra lwaye w la:

**Dat kontra a te kòmanse: _____________________________ Kontra lwaye: ___________________________________________**

**Kantite chanmakouche yo: ___________________________________________________**

**Kategori Inite yo: ☐ Apatman ☐ Diplèks ☐ Kay pou yon sèl fanmi rete ☐ Kay ki semi-endepandan/Kay ki an ranje ☐ Kay yo fabrike**

**Non pwopriyetè: ____________________________________Adrès pwopriyetè a:____________________________________**

**Imèl pwopriyetè a: __________________________________Nimewo Telefòn pwopriyetè a:_____________________________**

## Sèvis:

**Èske ou bezwen yo ede w peye kòb sèvis yo?** ☐Wi ☐ Non

**Si wi, tanpri chwazi sèvis ou peye pou yo yo: ☐ Gaz ☐ Kouran ☐ Dlo Entènèt**

| Founisè sèvis | Nimewo Kont la: | Total sa ou dwe |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

## Depans Demenajman:

**Èske ou bezwen yo ede w peye depans demenajman yo? · Wi ☐ Non**

**Èske ou demenaje akòz maladi COVID-19 la? ☐ Wi ☐ Non**

**Si wi, tanpri bay yon eksplikasyon sou sa: _________________________________________________________________**

**Konbyen kòb demenajman an koute w an total? _________________________________________________________________**

**Asistans lwaye anvan epi pou kounye a :**

Fanmi ki ap resevwa asistans sibvansyon lwaye federal pou moman an ka kalifye pou asistans ERAP la. Asistans pou fanmi ki ap resevwa sibvansyon anba HCV oswa Pwogram Lojman Piblik yo pa dwe depase pati lokatè a dwe an nan kontra lwaye obligatwa a.

Fanmi ki te resevwa oswa ki ap resevwa lòt asistans lwaye ka nan egzijans pou montre prèv pati yo ap lwe a.

Depi mwa mas 2020 èske ou te resevwa epi/oswa èske pou moman an ou ap resevwa yon bon dacha lojman (seksyon 8) oswa yon Asistans Lojman Piblik?

☐ Wi ☐ Non

## Pwogram Èd Lwaye nan ka Ijans ak Sèvis

Fanmi ki te resevwa asistans gras ak Pwogram Èd Lwaye nan ka Ijans ak Sèvis la dwe bay rapò sou kantite yo resevwa a.
Èske ou te resevwa asistans nan men Pwogram Èd Lwaye nan ka Ijans ak Sèvis la? ☐Wi ☐ Non

## Sètifikasyon Aplikan an

Mwen sètifye mwen te lwe kay sa ki te nan aplikasyon sa.

○ Wi

○ Non

Mwen sètifye mwen menm, oswa moun ki rete anndan kay la, te pran frap nan sitiyasyon pandemi COVID-19 la epi nou toujou gen ris pou nou devni moun ki pa gen kote pou rete oswa nou pa estab sou koze sa a.

○ Wi

○ Non

Mwen sètifye revni ki soti nan tout sous ki anndan aplikasyon sa a korèk.

○ Wi / Mwen dakò

○ Non / Mwen resevwa lòt kalite asistans

Mwen konfime depans ki pibliye nan aplikasyon mwen pou Pwogram Èd Lwaye nan ka Ijans nan Vil Miami an pa te peye ak sibvansyon oswa prè ki resevwa apati lòt pwogram ki gen a wè ak COVID-19 oswa nenpòt lòt pwogram federal, Eta an oswa lokal. San Tit

◉ Wi

○ Non

Mwen sètifye enfòmasyon ki bay nan aplikasyon sa a ak enfòmasyon ki bay nan tout dokiman ak fòm pou prèv yo se verite epi yo korèk. Mwen konprann si mwen fè yon deklarasyon ki fo nan aplikasyon an sa ka mete m nan sitiyasyon pou m sibi pouswit ak pennalite kriminèl nan konfòmite ak lwa aplikab, tankou, men ki pa limite ak, Chapit 817, Florida Statutes, ak Chapit 47, United States Code , ki ka genyen ladan li jiska senk (5) lane anprizonman epi/oswa jiska yon amann $250,000.

○ Wi

○ Non

Mwen konfime dokiman taks yo ak sa mwen te remèt nan Sèvis Revni Entèn yo se menm.

○ Wi

◉ Non

Mwen konfime sa yo banm lan ak pèman fon sibvansyon yo pase anba sèl diskresyon Vil Miami san posibilite rekou. Nan remèt aplikasyon sila a, mwen renonse nenpòt epi tout deklarasyon ki gen a wè ak Pwogram Èd Lwaye nan ka Ijans la nan Vil Miami epi mwen dakò espesifikman pou dedomaje, defann, lage, epi kenbe Vil la, anplwaye li yo, ofisye li yo, ajan li yo ak reprezantan li yo san danje devan nenpòt ak tout deklarasyon ki ta ka nan nenpòt fason gen a wè ak nenpòt sibvansyon, pèman ak/oswa refi Pwogram lan.

○ Wi

○ Non

Mwen konfime aryere lwaye yo te remèt ansanm ak aplikasyon mwen an pou Pwogram Èd Lwaye nan ka Ijans lan nan Vil Miami an pa t peye gras ak okenn lòt pwogram ki gen a wè ak COVID-19 la oswa nenpòt lòt pwogram federal, Eta an oswa lokal.

○ Wi

○ Non

Si mwen jwen aksè ak Pwogram Èd Lwaye nan ka Ijans pou Vil Miami sa a, mwen ap deklare mwen p ap aplike nan okenn lòt asistans fon ki chita nan nenpòt lòt minisipalite nan Miami Dade County oswa Eta Florida a pou yon Èd Lwaye nan ka Ijans pou menm mwa ki peye nan pwogram sila a.

○ Wi

○ Non

Moun yo ki siyen anba a jwenn avètisman sou kijan fo deklarasyon volontè yo ansanm ak lòt yo ka mennen yo nan peye amann oswa ale nan prizon, oswa toude, anba 18 U.S.C. 1001, epi kalite fo deklarasyon volontè sila yo ak lòt yo ka menase validite aplikasyon oswa dokiman oswa nenpòt anrejistreman ki ka sòti nan sa, fè konnen tout deklarasyon ki fèt nan konesans li se verite; epi tout deklarasyon ki fèt dapre enfòmasyon ansanm ak kwayans se verite.

| Siyati | Dat |
|---|---|
| | |

**Ou dwe soumèt tout dosye aplikasyon ki ranpli yo, ansanm ak dokiman ki nesesè yo, nan youn nan chwa yo ki anba a.**

**Nan Kourye Lapòs Ameriken:**
CITY OF MIAMI
Emergency Rental Assistance (ERA) Program
P.O. BOX # 013581
MIAMI, FL 33101

**Kote pou Depoze:**
CITY OF MIAMI
Emergency Rental Assistance (ERA) Program
14 NE 1st Avenue, 1st Etaj, Lòbi (Bwat pou Depoze)
MIAMI, FL 33132
Lè pou depoze dosye: 9 a.m. jiska 4 p.m.

**Lis Dokiman Obligatwa**

Verifikasyon Idantite *(Omwen youn nan dokiman ki anba yo pou tout moun ki ap viv anndan kay la)*

- Lisans chofè oswa Pyès Idantifikasyon Eta a bay
- Paspò
- Kat Tribal CDIB
- Idantifikasyon Veteran

Prèv Lokatè Aktif *(Sèlman yon dokiman nan chak kay ki nesesè)*

- Kontra Lwaye ki siyen, akò mèt kay la oswa sètifikasyon pwopriyetè an
- Dokiman Kay la, tankou bòdwo sèvis, atestasyon yon pwopriyetè byen imèb ki ka idantifye li antanke yon pwopriyetè verifye oswa yon ajan jesyon nan inite an
- Lòt dokiman ki rezonab

Verifikasyon Revni *(Omwen youn nan dokiman ki anba yo pou tout moun ki ap viv anndan kay la)*

**Revni Chak Lane**

- Deklarasyon Enpo Ane 2020 an (1040, 1040EZ, elatriye)
- W2 2020 nan men Anplwayè a
- Fòm Enpo 1099 Ane 2020
- Lòt prèv revni chak ane (tankou deklarasyon salè, deklarasyon enterè, deklarasyon sou konpansasyon chomaj)

**Revni Chak Mwa**

- Yon (1) bilten salè, o minimòm, pou salè ki anndan yon peryòd swasant (60) jou, ki demontre yo peye yon mwa antye san kanpe
    1. Dokiman yo dwe demontre yo peye yon mwa antye san kanpe
- Yon lèt avantaj Sekirite Sosyal ki ekri nan espas 12 dènye mwa yo
- Yon lèt avantaj Chomaj ki ekri nan espas 60 dènye jou yo
- Yon rapò sou pèman pou Pansyon Alimantè pou Timoun ki sòti nan Depatman Sante ak Sèvis Imen an
- Yon lèt ki ekri nan espas swasant (60) dènye jou yo ki konfime pèman pou Pansyon Alimantè pou Timoun ki fèt andeyò Depatman Sante ak Sèvis Imen an nan Eta Florida a.
- Nan ka kote ni dokiman sou revni chak ane yo ak dokiman sou revni chak mwa yo ta disponib, Vil Miami an ap itilize sa ki pi ba nan yo de a pou konnen kalifikasyon pou pwogram lan. Lè y ap detèmine revni anyèl yo, pèman asirans federal pou pandemi yo pa antre nan koze an.

**Revni Kategorik**

Si ou ap patisipe nan yon pwogram avantaj piblik lokal, nan Eta an oswa ki federal nan moman an, yon lèt ki sòti nan ajans gouvènman sa a ki verifye revni tout kay ou an nan nivo oswa pi ba pase 80 pousan pral jwe yon gwo wòl nan detèmine kalifikasyon w. Detèmine kalifikasyon pou pwogram lan dwe fèt nan dat oswa apre 1ye janvye nan lane 2020.

Prèv Aryere Lwaye *(Si w ap aplike pou aryere)*

- 
- Kontra Lwaye ak Avi pou Mwa ki dwe
- Avi sou aryere lwaye mèt kay la te fè sòti
- Avi Degèpisman
- Pwosesis Rezime an envoke epi plent ki idantifye aplikan an (yo) antan ke Akize an (yo)/pwopriyetè an (yo)/Lokatè an (yo), sa ki prevwa yon dat odisyon nan trant (30) pwochen jou yo

Prèv Aryere Sèvis *(Si w ap aplike pou aryere)*

- Bòdwo Sèvis ki poko peye (Li dwe gen nimewo kont)

- Nenpòt lòt dokimantasyon ki aplikab sòti nan yon konpayi sèvis.
- Dokiman yo dwe gen ladan yo mwa aryere sèvis yo te fèt yo.
- Dokiman yo ki pa fèt sou non moun ki lokatè yo dwe vini ansanm ak yon prèv inite a gen moun ladan li.
- Si bòdwo an pa fèt sou non moun ki lokatè an, sa ap mande pou gen plis dokiman ki ap montre moun bòdwo yo sou non li an se yon moun ki ap viv nan inite an.

<u>Prèv Depans Demenajman yo</u> *(Si w ap aplike pou ranbousman depans demenajman)*

- Resi, bòdwo, deklarasyon depans ki fèt yo

Prèv Difikilte finansye, tankou rediksyon sou salè oswa gwo depans ki ap fèt yo, ke li fèt dirèk oswa endirèk akòz pandemi COVID-19 la (Tanpri bay dokiman pou chak moun ki granmoun nan kay la.)

**Rediksyon sou Revni:**

- Lèt anplwayè a ekri ki fè konnen salè a redwi, revokasyon oswa konje ansyènte
- Lèt revokasyon anplwayè an bay
- Lèt chomaj ki ekri nan peryòd ki soti nan dat 13/3/2020 rive jounen jodi an
- Enprime soti nan chomaj sou prestasyon ki bay pandan 30 dènye jou sa yo
- Avi sou konpayi ki ap fèmen sou sitwèb anplwayè an
- Lèt founisè swen sante an bay ki deklare yo te malad epi yo pat kapab ale travay akòz maladi ki gen a wè ak COVID lan.
- Lèt solisyon pou pèsonèl yo bay

**Prèv Gwo Depans ki gen a wè ak COVID-19 (Si aplikab)**

- Enpak negatif sou swen sante yo tankou pri swen sante ki monte, tankou swen sante adomisil pou moun ki gen maladi COVID-19 la
- Depans ki fèt akòz karantèn nan oswa mezi distans sosyal la jan anplwayè an di li a (ekipman òdinatè, depans entènèt, elatriye)
- Depans pou swen timoun ki fèt akòz lekòl ki fèmen pou maladi COVID-19 la
- Acha Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE)
- Amann, frè, ak pri legal ki gen a wè ak aryere lwaye oswa aryere sèvis
- Pèman pou lwaye oswa sèvis ki fèt ak kat kredi pou evite sitiyasyon pa gen kote pou rete an oswa enstabilite lojman
- Yon altènativ transpò pou kay ki paka itilize transpò piblik yo pandan pandemi sila a

<u>Prèv Ris Sitiyasyon pa gen kay la</u> *(Yon sèl dokiman nan chak kay nesesè)*

- Yon avi degèpisman
- Yon avi sou lwaye a oswa sèvis ou poko peye
- Viv nan yon kondisyon ki pa an sekirite oswa ansante tankou kondisyon ki ogmante ris ekspozisyon a maladi COVID-19 la paske gen anpil foul
- Yon chay pou peye depans lojman ki fè sa difisil pou lokatè yo rive peye depans lwaye an.
- Aranjman lwaye enfòmèl yo ki gen yon ti oswa pa genyen pwoteksyon legal
- Antesedan, oswa potansyèl pou, ekspozisyon ak vyolans konjwen, agresyon oswa asèlman seksyèl
- Prèv kay la ap renonse oswa retade acha bagay oswa sèvis ki esansyèl tankou manje, medikaman yo preskri, swen timoun, transpò, oswa ekipman ki nesesè pou travay oswa lekòl a distans nan objektif pou peye lwaye oswa sèvis
- Asèlman oswa menas vèbal mèt kay la pou mete moun deyò
- Prèv moun nan kay la depann de kat kredi, moun k ap prete sou salè, oswa lòt pwodwi ki ka mete yo nan gwo dèt, rezèv ki ap fini, pou peye lwaye oswa sèvis, nan plas salè oswa lòt revni.

<u>Dokiman Pwopriyetè</u>

- Fòm W-9 pou pwopriyetè oswa jesyonè byen imèb ki ranpli
- Akò Jesyon Pwopriyete, Akò Koutye ki otorize pèman ki dwe distribiye bay jesyonè nan non pwopriyetè an
- Prèv Pwopriyetè (ak pwopriyete, bòdwo enpo imobilye ki pi resan an, oswa règleman asirans pou pwopriyete pou moman an).